




# Home Link - Haitian Creole



## (Lyen ak Lakay) Inite 5: Lonbraj ak Reflè: Semèn 1

Chè Fanmi: Nan inite sa a pitit ou pral aprann sou lonbraj ak reflè. Eseye omwen twa nan aktivite amizan sa yo, oswa fè tout! Sa ki pi enpòtan an se jwi tan an avèk pitit ou pandan n ap aprann konnen ki sa k ap fèt nan sal klas la. Tanpri, kolorye kare aktivite sila yo nou chwazi yo epi remèt fòm sa a bay lekòl la lendi pwochen. **AMIZE N!**

Non timoun nan: \_\_\_\_\_

### Dekouvèt

**Eske I Reflechisan (li Bay Reflè) Oubyen I pa Reflechisan (li pa Bay Reflè):** (Anrapò ak *Play with Me* ak *Raccoon on His Own*)

Rasanble kèk objè ki lakay ou tankou mamit, kiyè, selonfàn, papye aliminyòm, papye sir, katon, papye kado ak papye tisi (klinèks). Triye yo an de (2) gwoup: reflechisan ak pa reflechisan.

#### **Kesyon pou Kòmanse Konvèsasyon:**

- Ki sa w remake de \_\_\_\_\_?
- Poukisa w panse \_\_\_\_\_ reflechisan/pa reflechisan?

#### **Kèk Mo Nou Kapab Itilize Pandan n ap Pale**

**Ansanm:** reflè, imaj, limyè, twoub, klè, sifas

### Alfabetizasyon

**Chante Ansanm:** Sa a se yon chante pitit ou an chante lekòl la.

#### **Open, Shut Them**

Open, shut them.

Open, shut them.

Give a little clap, clap, clap.

(*clap, clap, clap*)

Open, shut them.

Open, shut them.

Put them in your lap, lap, lap.

Creep them, creep them,

slowly creep them right up to your chin.

(*walk fingers up chest to chin*)

Open up your mouth. (*open mouth*)

But-do not let them in!

### Pale epi Li Ansanm (20 minit)

#### **Kesyon pou Kòmanse Konvèsasyon:**

- Ki pati w pi renmen nan istwa a?
- Ki premye bagay ki pase nan istwa a?
- Ki sa w panse ki ka rive aprè?

### Matematik

#### **Konpare Pwa (Konbyen Objè yo Peze):**

Mande pitit ou pou l rasanble 6 a 8 objè tankou mamit, soulye, manje nan bwat, boutèy dlo, bwat tisi (klinèks), ak monnen. Travay ansanm sou triyaj ant objè lou e leje. Chwazi e konpare konbyen pwa yo peze. Pale sou sa nou remake.

#### **Kesyon pou Kòmanse Konvèsasyon:**

- Mwen remake \_\_\_\_\_ pi lou/leje pase \_\_\_\_\_ paske...
- Poukisa w panse \_\_\_\_\_ pi lou/leje pase \_\_\_\_\_?

### Langaj

#### **Rakonte Istwa-Istwa Zannimo:** (Anrapò ak istwa *Play with Me* ak *Raccoon on His Own*.)

Mande pitit ou an pou l rakonte w yon istwa sou zanimo li pi renmen yo ki abite nan bwa (pa egzanp: *ekirèy, tòti, raton, rena, sèf, koulèv, tanyà*, et setera). Si sa posib, ekri istwa prefere pitit ou an epi jwe wòl pèsonaj yo ki nan istwa a ansanm.

# Rejis Lekti Yo

Make chak jou ou menm ak pitit ou li yon istwa ansanm. Liv yo kapab ann anglè oswa nan lang natif-natal nou. Vizite bibliyotèk piblik ou a pou gwo liv sou lonbraj ak refleksyon.

Lendi \_\_\_\_ Madi \_\_\_\_ Mèkredi \_\_\_\_ Jedi \_\_\_\_ Vandredi \_\_\_\_ Samdi \_\_\_\_ Dimanch \_\_\_\_

## Liv n ape li lekòl la:

*Play with Me* ekriven: Marie Et Hall  
*Raccoon on His Own* ekriven: James Arnosky

## Lòt liv ou menm ak pitit ou an kapab jwi ansanm:

*The Night World* ekriven: Mordicai Gerstein

## Kèk Konsèy Pou lè n Ap li Ansanm:

- Chita ansanm nan yon plas trankil epitou ki konfòtab.
- Pandan n ap li, souliye epi defini kèk nouvo vokabilè. Pa egzanp, “Yon **reflè** se yon imaj yon bagay klere fòme.”
- Pandanke n ap li, poze pitit ou kesyon ki gen pou wè ak liv la. Pa egzanp, “Kòman raton an te santi l lèske l te wè pwòp reflè li?”